

# Konje Sekirite ak Maladi Peye: Sa Patwon yo Dwe Konnen

Nouvo amandman nan Lwa Vil New York sou Konje Sekirite ak Maladi Moun Genyen (Lwa sou Konje Sekirite ak Maladi Peye) anplas apatide 30 septanm 2020 ak 1ye janvyè 2021. Si ou se yon patwon sektè prive oswa òganizasyon benevòl nan Vil New York oswa si ou bay travayè domestik yo travay nan Vil New York, li feyè enfòmasyon sa a<sup>1</sup> pou w konprann responsablite patwon yo. Selon lwa a, anplwaye ki pwoteje yo gen dwa pou yo itilize konje sekirite ak maladi a pou:

- sante, ki gen ladan swen ak tretman tèt yo oswa yon fanmi; epi
- sekirite<sup>2</sup>, ki gen ladan chèche asistans oswa pran lòt mezi sekirite si anplwaye a oswa yon fanmi ka viktim nenpòt zak oswa menas vyolans domestik, kontak seksyèl endezirab, talonnay, oswa trafik moun.

## Tout Patwon Sektè Prive yo ak Patwon Òganizasyon Benevòl yo ak Patwon Travayè Domestik yo Dwe Bay Konje Sekirite ak Maladi

Kantite Anplwaye	Revni Anyèl Patwon an	Kantite Konje pou chak Ane Sivil*	Konje Peye oswa San Peye
1-4	Mwens pase \$1 milyon dola <b>Anplas apatide 1/1/2021:</b> \$1 milyon dola oswa plis	Jiska 40 èdtan Jiska 40 èdtan	San peye Peye
5 oswa plis <i>patwon sektè prive</i> <i>oswa òganizasyon benevòl</i> <i>bay travay</i>  OSWA  <b>Anplas apatide 9/30/2020:</b> 1 oswa plis travayè domestik <i>moun ki bay moun travay nan</i> <i>kay anplwaye</i>	Pa Aplikab (N/A)	Jiska 40 èdtan	Peye
<b>Anplas apatide 1/1/2021:</b> 100 oswa plis <i>patwon sektè prive</i> oswa <i>òganizasyon benevòl</i> oswa <i>moun ki bay moun travay nan</i> <i>kay anplwaye</i>	Pa Aplikab (N/A)	Jiska 56 èdtan	Peye

\*Remak: "Ane Sivil" vle di nenpòt peryòd tan 12 mwa ki regilye epi vini youn dèyè lòt yon patwon detèmine.

Si ou oblije bay konje sekirite ak maladi peye, ou dwe peye anplwaye yo tarif orè ki regilye epi ki pa mwens pase salè minimòm aktyèl la.

Si ou gen yon kontra asirans ki la deja ki pèmèt anplwaye yo itilize konje sekirite ak maladi, kontra asirans ou an dwe satisfè oswa depase egzijans Lwa a fè yo.

### Anplwaye Lwa a Pwoteje/Pa Pwoteje

Ou pa oblije bay anplwaye sa yo konje sekirite ak maladi:

- Etidyan ki nan pwogram travay ak etid federal
- Anplwaye ki gen travay yo pwogram bous etid peye
- Anplwaye ajans gouvènman yo
- Fizyoterapet, ègoterapet, òtòfonis, odyolojis  
Depatman Edikasyon Eta New York otorize (si yo rele pou afektasyon travay jan yo vle, detèmine pwòp orè travay yo, kapab refize oswa aksepte nenpòt travay yo ba yo, epi yo peye yo yon salè mwayen chak èdtan ki omwen kat (4) fwa salè minimòm federal la)
- Kontraktè endepandan ki reponn ak definisyon yon anplwaye selon Lwa sou Travay Eta New York
- Patisipan nan Pwogram Eksperyans Pwofesyonèl yo
- Kèk anplwaye pliye anba yon kontra kolektif<sup>3</sup>

### Avi Konsènan Dwa Anplwaye yo

Ou dwe bay chak anplwaye ki gen pwoteksyon Avi alekri konsènan dwa yo genyen pou yo pran konje sekirite ak maladi, ki gen ladan akimilasyon ak itilizasyon konje sekirite ak maladi, dwa pou yo depoze yon plent, ak dwa pou yo pa vanje kont yo. Avi a dwe presize dat Ane Sivil la kòmanse ak fini. Anplwaye yo gen dwa pou yo resevwa Avi a ann Anglè ak nan lang yo pale a si yon tradiksyon disponib sou sitwèb DCWP a [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers). Ou dwe afiche Avi a tou nan espas travay la yon kote pou anplwaye yo kapab wè epi jwenn li.

<sup>1</sup> Note dat la nan do a. Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) pral mete feyè sa a ajou si sa posib. Gade nan [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers) pou w jwenn dènye enfòmasyon yo.

<sup>2</sup> Dispozisyon ki gen pou wè ak konje sekirite a te vin anplas apatide 5 me 2018. Patwon yo pa oblije bay *plis* tan pou konje sekirite a; depreferans, patwon yo dwe kite anplwaye yo itilize konje ki akimile yo pou zafè konje sekirite.

<sup>3</sup> Anplwaye ki pa gen pwoteksyon si kontra a inyore fòmèlman dispozisyon Lwa a epi prevwa avantaj ki konparab. Men, pou anplwaye ki nan sektè konstriksyon oswa sektè makèt yon kontra kolektif pwoteje, Lwa a pa aplikab si kontra a inyore fòmèlman dispozisyon Lwa a.

## Akimilasyon ak Itilizasyon Konje Sekirite ak Maladi

Ou dwe:

- Kite anplwaye ki gen pwoteksyon yo akimile konje sekirite ak maladi depi yo kòmanse travay. Tarif minimòm akimilasyon an se 1 èdtan pou chak 30 èdtan travay.
- Kite anplwaye yo itilize konje sekirite ak maladi a tousuit ofiyamezi yo ap akimile li.
- Bay anplwaye yo dokiman alekri chak peryòd peman ki montre kantite konje sekirite ak maladi yo te itilize, akimile, epyo genyen ki rete.

*Eksepsyon:* Si yon kontra kolektif ki te anplas apatide 1ye avril 2014 pwoteje yon anplwaye, anplwaye a kòmanse akimile konje sekirite ak maladi a selon Lwa a apati dat kontra a ekspire a.

### Kenbe dosye

Ou dwe kenbe epi konsève dosye ki pwouve ou respekte Lwa a pandan owmen twa (3) lane. Ou dwe kenbe nenpòt enfòmasyon ki gen pou wè ak rezon ki fè anplwaye a itilize konje sekirite ak maladi a sekrè jiskaske anplwaye a otorize ou pataje yo oswa lalwa egzije ou pataje yo. Ou dwe rann dosye yo disponib pou Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) nan avi nan yon lè nou aksepte.

### Preyavi

Si ou kapab prevwa bezwen an, ou kapab egzije yon preyavi sèt (7) jou kote anplwaye a bay entansyon li pou itilize konje sekirite oswa maladi a. Si ou pa kapab prevwa bezwen an, ou ka egzije yon anplwaye bay yon preyavi pi vit posib.

### Dokiman

Ou kapab egzije dokiman ki rezonab si yon anplwaye itilize plis pase twa (3) jou travay youn apre lòt pou konje pou sekirite ak maladi. Ou ka egzije:

- yon lèt yon pwofesyonèl swen sante siyen pou konje sekirite; oswa
- dokiman yon pwofesyonèl sèvis sosyal, pwofesyonèl sèvis jiridik, manm klèje a, oswa lèt notarye anplwaye a ekri pou endike li bezwen konje sekirite a.

*Ou ka pa mande dokiman sa a ki presize rezon ki fè yon anplwaye te itilize konje sekirite oswa maladi a. Lòt lwa ka egzije pou pataje enfòmasyon yo.*

Ou dwe ranbouse anplwaye yo pou:

- frè pwofesyonèl swen sante yo mande pou ba yo dokiman konje maladi ki obligatwa; epi
- tout frè oswa depans rezonab pou yo jwenn dokiman konje sekirite ki obligatwa yo.

### Konje Sekirite ak Maladi Ou pa itilize

Yon anplwaye kapab repòte jiska 40 èdtan (oswa, si sa nesese, 56 èdtan ki anplas apatide 1ye janvyè 2021) konje sekirite ak maladi ou pa itilize pou pwochen Ane Sivil la. Sepandan, ou sèlman oblije kite yon anplwaye itilize jiska 40 (oswa 56) èdtan konje sekirite ak maladi pa Ane Sivil.

Ou kapab chwazi—men ou pa oblije—peye yon anplwaye pou konje sekirite ak maladi li pa itilize nan fen Ane Sivil la. Anplwaye yo pa kapab repòte konje sekirite ak maladi a si ou peye yo pou konje sekirite ak maladi yo pa itilize EPI si ou bay anplwaye a yon kantite konje sekirite ak maladi peye ki satisfè oswa depase egzijans Lwa a pou nouvo Ane Sivil la nan premye jou nouvo Ane Sivil la.

### Vanjans

Ou pa kapab vanje kont anplwaye yo paske yo mande oswa itilize konje sekirite ak maladi. Vanjans lan gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, desann grad, sispanasyon, oswa rediksyon nan èdtan yon anplwaye, oswa nenpòt lòt aksyon travay negatif kont yon anplwaye ki dekouraje yon anplwaye pou li pa egzèse oswa pa eseye egzèse nenpòt dwa lwa a garanti li, ki gen ladan mezi ki gen pou wè ak sitiyasyon imigrasyon ou apèsi oswa otorizasyon travay.

### Plent

Si yon anplwaye depoze yon plent nan DCWP, DCWP ap kontakte ou pou w bay yon repons alekri. Ou dwe reponn DCWP nan espas 14 jou, oswa pi bonè selon akizasyon yo. DCWP pral travay avèk ou pou rezoud plent lan.

### Avi pou Mennen Ankèt

Si ou resevwa yon avi pou mennen ankèt, bay tout enfòmasyon ak dokiman yo mande yo. Si ou pa fè sa, se Lwa a ou vyole epi sa ka fè ou nan peye amann anplis sanksyon sivil yo ak reparasyon pou lòt vyolasyon yo. Si ou pa bay dosye yo, sa ka fè yon enpak negatif sou ka w la sizoka ta gen yon pwosè nan yon tribinal administratif Vil la. Ou pral gen chans pou w regle vyolasyon yo san yon pwosè oswa ou kapab pase devan yon jij ki pa nan paspouki nan tribinal administratif Vil la.

Mizajou 11/20/2020



**Ou gen kesyon?** Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w kontakte DCWP:

- Ale sou [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers) pou w konnen lwa a ak Kesyon Moun Poze Souvan yo
- Itilize Live Chat, li disponib sou [nyc.gov/BusinessToolbox](https://nyc.gov/BusinessToolbox)
- Voye imèl bay [PSSL@dcwp.nyc.gov](mailto:PSSL@dcwp.nyc.gov)
- Rele **311** (212-NEW-YORK (639-9675) an deyò Vil New York) epi di “Paid Safe and Sick Leave”